Pou Piblikasyon Imedya: 17/06/2026 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE GWO PWOGRÈ SOU 583 APATMAN ABÒDAB AK SÈVIS KÒMINOTÈ NAN EAST FLATBUSH KÒM YON PATI NAN INISYATIV VITAL BROOKLYN ETA A

Utica Crescent, ki sitiye toupre Kingsbrook Jewish Medical Center, fini; Sparrow Square, ki sitiye nan Kingsboro Psychiatric Center, kòmanse ak travay la, epi kontinye efò Gouvènè a pou konstwi plis lojman sou tè eta ki pa itilize ase

Pwojè yo se eleman kle nan Inisyativ Vital Brooklyn pou rezoud disparite sosyal, sante ak ekonomik nan Brooklyn Santral

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a gwo pwogrè nan Inisyativ Vital Brooklyn eta a avèk finisman Utica Crescent ak kòmansman konstriksyon nan Sparrow Square, ki ansanm pral delivre 583 nouvo inite rezidansyèl abòdab nan East Flatbush. Inisyativ Vital Brooklyn lan, ki vo 1.4 milya dola, se yon pwogram devlopman kominotè konplè pou adrese disparite sosyal, ekonomik ak sante nan katye yo nan Brooklyn Santral, kèk nan zòn ki pi defavorize nan Eta a. Utica Crescent ak Sparrow Square ap kontinye avèk lòt gwo pwojè Vital Brooklyn Gouvènè a te anonse yo, tankou The Rise nan Brownsville, Alafia Phase One nan East New York, ak Herkimer Gardens nan Bedford Stuyvesant. Avèk finisman konstriksyon Utica Crescent ak lansman konstriksyon Sparrow Square, plis pase 2,500 kay fini oswa an konstriksyon nan kad Inisyativ Vital Brooklyn lan.

"De devlopman transfòmatè sa yo nan East Flatbush bay pwomès Inisyativ Vital Brooklyn nan lavi - kreye apatman abòdab epi elaji aksè ak sèvis sante ak kominotè nan yon zòn nan vil la ki pa jwenn ase sèvis pandan plizyè deseni", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Envestisman sa yo mete sante ak byennèt rezidan devlopman yo ak katye ki antoure a an premye plan epi yo pèmèt nou pi pre kreye yon Brooklyn ki pi ekitab kote tout moun gen yon chans jis pou yon avni ki pi briyan."

322-Inite Utica Crescent Konplete
Konstwi sou yon ansyen pakin akote Kingsbrook Jewish Medical Center, Utica Crescent delivre 322 apatman modèn pou fanmi ki touche jiska 80 pousan nan Revni Medyan Zòn (Area Median Income, AMI) nan, ki gen ladan 89 ak sèvis sipò sou plas pou rezidan granmoun aje ki kalifye yo. Sant ki oryante sou sante ak byennèt la gen ladan l yon sant swen sante ke One Brooklyn Health System jere, espas pou vann pwodwi ak sèvis, yon makèt, yon etablisman kominotè, ak opòtinite pou fè egzèsis ak lwazi.

Pwojè a pral gen ladan apatman ki totalman aksesib e adaptab. Gen 17 inite pou akomode rezidan ki gen pwoblèm mobilite ak sèt inite pou akomode rezidan ki gen andikap sansoryèl yo.

Empire State Development (ESD) te adopte yon Plan Pwojè Jeneral an 2022 pou sipòte redevlopman sit East Flatbush ki pa twò itilize a pou l tounen lojman abòdab, komès an detay, swen sante ak espas sèvis sosyal.Pwojè 256 milyon dola a te devlope pa Monadnock Development, CB Emmanuel ak Equity Developers LLC, epi Catholic Charities Neighborhood Services te bay sèvis sipò sou plas la. Finansman Eta a gen ladan 122 milyon dola nan obligasyon pèmanan ki gen egzansyon taks ak 106 milyon dola nan Kredi Taks pou Lojman pou Moun ki gen Revni Ba ki soti nan sibvansyon Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) Eta Nouyòk la. Anplis de sa, pwojè a te resevwa apeprè 96 milyon dola sibvansyon nan men HCR. Depans fonksyònman ak sèvis sosyal sou plas yo finanse atravè Inisyativ Lojman Sipò Empire State (Empire State Supportive Housing Initiative, ESSHI) la.

Sparrow Square ki gen 261 inite kòmanse konstriksyon an

An 2021, ESD ak HCR te deziyen yon ekip sou kèk kondisyon pou redevlope apeprè 3 kawo tè nan kanpis Sant Sikyatrik Kingsboro lan. Pwojè konplè a pral transfòme sit la an lojman abòdab, espas ouvè, espas kominotè ki konsantre sou sante ak bilding abri ranplasman.Konstriksyon an ap kòmanse kounye a nan premye faz pwojè twa faz la. Sparrow Square fè pati 3,500 inite lojman espesyalize ki enkli nan inisyativ sante mantal istorik Gouvènè Hochul la ki vo 1 milya dola, epi se premye pwojè nan Vil Nouyòk nan inisyativ la ki kòmanse ak konstriksyon an. Devlopman an Sparrow Square gide pa objektif ki etabli nan Dekrè Egzekitif 30 lan, ki mande ajans Eta Nouyòk yo pou idantifye epi aktive sit eta- ki pa byen itilize pou lojman, epi li satisfè angajman Gouvènè Hochul pou adrese kriz lojman Nouyòk la lè li ogmante rezèv la, ankouraje abòdablite epi kreye katye ki pi solid ak pi enklizif.

Devlopman 261 inite ki totalman elektrik la pral gen ladan de bilding rezidansyèl modèn. Yo pral rezève plis pase 100 inite pou fanmi vilnerab ki kalifye yo ak moun k ap lite ak sitiyasyon sanzabri yo ki kalifye pou resevwa sèvis sipò sou plas. Premye faz sa a pral gen apeprè 20,000 pye kare espas enstalasyon kominotè ak 63,000 pye kare lè li fini nèt, yon estidyo balè, ak yon espas sèvis sosyal pou rezidan yo. Lè pwojè a fini, li pral bay jiska 1,081 nouvo kay abòdab, pami yo nèf pousan pral inite pou moun ki vle vin pwopriyetè kay.

Pwojè a pral gen ladan apatman ki totalman aksesib e adaptab. Gen 17 inite pou akomode rezidan ki gen pwoblèm mobilite ak 10 inite pou akomode rezidan ki gen andikap sansoryèl yo.

Pwojè ki gen yon valè ki koute 242 milyon dola a se Douglaston Development ak Breaking Ground ki devlope li. Sparrow Square resevwa sipò nan men Pwogram Federal Kredi Taks Lojman Pou Moun Ki Gen Revni Ba HCR la, ki espere jenere 109 milyon dola nan kapital ak 69 milyon dola nan sibvansyon. Biwo Sante Mantat (Office of

Mental Health, OMH) Eta Nouyòk la te bay 30 milyon dola nan finansman kapital atravè inisyativ sante mantal 1 milya dola Gouvènè Hochul la, epi li pral ofri plis lajan pou sipòte aktivite demaraj yo. Pwogram Lojman ak Asistans pou Moun ki Sanzabri Biwo pou Asistans Tanporè ak Andikap (Office of Temporary and Disability Assistance, OTDA) Eta Nouyòk ap bay tou 15 milyon dola nan fon kapital la. Depans fonksyònman ak sèvis sosyal sou plas yo finanse atravè yon sibvansyon ESSHI ke OTDA administre epi atravè finansman Lojman Sipòte ak Chanm pou Yon Sèl Moun (Supportive Housing Single Room Occupation) OMH la.

Reprezantant Yvette D. Clarke te deklare, "Antanke yon moun ki rele Brooklyn lakay li pandan plizyè deseni, mwen konnen dirèkteman defi kominote tankou East Flatbush yo te fè fas akoz plizyè ane dezenvestisman, yon mank lojman abòdab, ak disparite nan domèn sante ki dire lontan. Se poutèt sa finisman Utica Crescent ak lansman konstriksyon Sparrow Square se etap enpòtan pou kominote nou an. Pwojè tankou sa yo ap kreye opòtinite pou fanmi yo, granmoun aje yo, ak rezidan vilnerab yo viv nan kay ki an sekirite epi abòdab, avèk aksè a swen sante ak sèvis sipò yo bezwen pou yo reyisi. Mwen rekonesan anvè Gouvènè Hochul paske li te adrese kriz lojman nan Nouyòk, patnè nou yo nan eta a, ak ekip devlopman yo paske yo te ede fè vizyon Vital Brooklyn avanse epi envesti nan yon avni kote chak moun nan Brooklyn gen chans pou yo pwospere epi reyisi."

Komisè Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta Nouyòk, RuthAnne Visnauskas, te deklare "Avèk plis pase 580 nouvo kay modèn ak dirab – ansanm ak aksè a manje ki bon pou sante, opòtinite byennèt, ak sèvis sipò sou plas – Utica Crescent ak Sparrow Square ajoute nan plis pase 6,000 apatman abòdab ke HCR te finanse nan Vil Nouyòk jis nan ane ki sot pase a. Nesesite sa yo te twò lwen pou nou, men Inisyativ Vital Brooklyn ki koute 1.4 milya dola a ap chanje trajektwa kominote sa a, yon devlopman alafwa, epi amelyore kalite lavi nan East Flatbush. Mèsi Gouvènè Hochul ak ekip devlopman nou yo ki fè pwojè sa yo ki chanje lavi yo tounen yon reyalite, epi mèsi tou pou lejislatè eta ak lokal nou yo ke sipò esansyèl yo ap ede kraze baryè yo epi kreye yon Brooklyn ki pi abòdab e ki pi an sante pou tout moun."

Komisè Biwo Sante Mantal nan Eta Nouyòk (New York State Office of Mental Health), Doktè Ann Sullivan, te deklare, "Pou Nouyòkè k ap viv ak maladi mantal ki te fè eksperyans ensekirite lojman, li esansyèl pou yo gen yon kote pou yo rele lakay yo pou yo ka refè. Sparrow Square pral transfòme yon pati nan kanpis Kingsboro nou an ki te abandone depi lontan an nouvo kay ki pral pèmèt moun reyisi ak pwospere nan pwòp kominote yo. Envestisman sa a reprezante angajman kontinyèl Gouvènè Hochul pou ranfòse sistèm swen sante mantal Nouyòk la pou tout Nouyòkè yo."

Komisè Biwo Eta Nouyòk pou Asistans Tanporè ak pou Moun Andikape, Barbara C. Guinn, te deklare, "OTDA kontan mete tèt ansanm ak patnè eta nou yo pou sipòte Sparrow Square, ki pral kreye lojman abòdab ki nesesè anpil, tankou 117 inite lojman sipò pèmanan pou moun ki te sanzabri. Konbinezon lojman abòdab ak aksè fasil a sèvis sipò se yon pati enpòtan nan efò nou yo pou rezoud pwoblèm sanzabri, epi Nouyòk gen lontan depi l ap dirije apwòch sa a. Devlopman transfòmatè sa a se yon lòt

egzanp angajman kontinyèl Gouvènè Hochul pou ranfòse kominote yo epi elaji rezèv lojman sipò atravè eta a."

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare, "Atravè Inisyativ Vital Brooklyn lan, Eta Nouyòk ap transfòme tè ki pa itilize ase nan East Flatbush an kay abòdab ak resous kominotè esansyèl ki reponn dirèkteman a bezwen katye yo. Utica Crescent ak Sparrow Square reflete apwòch konplè Gouvènè Hochul pou devlopman kominotè — asosye lojman ak swen sante, sèvis sipò, espas ouvri ak ekipman ki pral ranfòse Brooklyn Santral pou jenerasyon k ap vini yo."

Ofisye an Chèf pou Moun ki Andikape nan Eta Nouyòk yo, Kimberly Ridley, te deklare, "Aksè ak lojman ki an sekirite, abòdab, epi ki totalman aksesib se yon dwa fondamantal. Espas rezève espesyal yo nan Utica Crescent ak Sparrow Square, ki bay kay aksesib pou moun ki andikape epi ki gen aksè sansoryèl, reprezante yon gwo pa annavan nan kraze baryè fizik pou kominote moun andikape yo nan Santral Brooklyn. Mwen bat bravo pou angajman Gouvènè Hochul pou asire ke envestisman lojman istorik Nouyòk yo bay priyorite dirèkteman ak bezwen moun ki andikape yo."

Komisè Biwo pou Moun ki gen Andikap Devlopmantal nan Eta Nouyòk la, Willow Baer, te deklare, "Lojman ki an sekirite e abòdab se yon dwa fondamantal pou tout moun ki detèmine sante ak byennèt tout Nouyòkè, san bliye moun k ap viv ak andikap. Lefèt ke Gouvènè Hochul ap kontinye reyimajine espas ki pa itilize yo vle di plis moun ap gen aksè a yon lavi endepandan epi yo pral konnen lajwa libète chwa nan lavi chak jou yo."

Deklarasyon Senatè Zellnor Myrie. "Nouyòk, ak Brooklyn Santral an patikilye, ap fè fas ak yon kriz lojman abòdab ki mande yon repons nan tout nivo gouvènman an. Mwen rekonesan anvè Gouvènè Hochul paske li bay priyorite a pwojè sa yo ki pral bay kay abòdab, sèvis sipò konplè, aksè a swen sante, ak espas kominotè pou fanmi Brooklyn yo, granmoun aje yo, ak Nouyòkè vilnerab yo. Ansanm, nou dwe kontinye fè envestisman ki sipòte lokatè yo ak pwopriyetè kay yo san distenksyon."

Manm Asanble Brian Cunningham te deklare, "Chak fanmi nan Brooklyn merite opòtinite pou yo pwospere. Finisman Utica Crescent ak lansman konstriksyon Sparrow Square make etap enpòtan nan Inisyativ Vital Brooklyn lan, ak plis pase 2,500 kay ki fini kounye a oswa ki an konstriksyon. Brooklyn bezwen envestisman kontinyèl nan elaji lojman abòdab ak aksè a sèvis sipò pou amelyore kalite lavi tout rezidan yo. Pandan travay sa a ap kontinye, mwen rete angaje pou m asire envestisman sa yo fèt avèk swen epi an patenarya ak kominote yo sipoze sèvi yo."

Manm asanble Monique Chandler-Waterman te deklare, "Utica Crescent se yon egzanp pwisan sou sa nou ka reyalize lè nou angaje nou nan yon kwasans ekitab. Biwo mwen an ap travay san pran souf pou fè lojman abòdab yon reyalite pou distri nou an, li ap goumen chak jou pou konbat kriz abòdablite nan Brooklyn. Mwen fyè de efò nou yo pou ede plizyè santèn fanmi atravè yon pwosesis aplikasyon lojman ke nou te pwolonje

— ki gen ladan granmoun aje nou yo ak moun k ap viv ak andikap — ansanm ak moun ki gen enterè tankou 1199 SEIU, Community Board 9, Shinda Management, JST Management, ak Taskfòs Distri Asanble 58 la (Assembly District 58 Taskforce). Anplis, mwen kontan nou te reyisi kreye opòtinite travay pou vwazen nou yo, grasa kolaborasyon avèk Monadnock Development; vwazen nou yo te anplwaye dirèkteman pou konstwi pwojè sa a gras a defans enterè nou. Pwojè sa a pa sèlman konsène bilding yo tèt yo. Vizyon mwen te toujou pou kreye yon devlopman ki ranfòse tout kominote a."

Fondatè ak Prezidan Konpayi Douglaston yo, Jeff Levine, te deklare, "Inogirasyon jodi a reprezante pi plis pase yon etap enpòtan nan yon devlopman—li make yon lòt pa nan direksyon kòmansman yon nouvo kominote. Sparrow Square pral transfòme sit sa a an yon kote fanmi yo, granmoun aje yo, ak moun gen aksè a lojman abòdab ki gen kalite siperyè, sèvis sipò, opòtinite pou yo vin pwopriyetè kay, ak espas piblik akeyan. Nou rekonesan anvè patnè piblik, prive ak òganizasyon san bi likratif nou yo paske yo te ede nou reyalize vizyon sa a, epi nou fyè dèske n ap kreye yon kominote ki pral sèvi Nouyòkè yo pou plizyè jenerasyon k ap vini yo."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Breaking Ground lan, Brenda Rosen, te deklare, "Nan Breaking Ground, nou toujou ap fè efò pou kreye lojman abòdab ak kalite siperyè ki bay sipò, ki bay estabilite, diyite ak opòtinite pou Nouyòkè tout kouch sosyal. Pwojè sa a pral bay plizyè santèn rezidan Brooklyn kay ak aksè a sèvis sipò sou plas ki ede ankouraje endepandans alontèm ak kominote nan East Flatbush. Kòmansman konstriksyon Faz I Sparrow Square la reprezante yon okazyon enpòtan non sèlman pou sit sa a, men tou pou lavni lojman abòdab ak sipò nan Brooklyn. Nou rekonesan pou lidèchip solid Gouvènè Hochul la, epi nou fyè pou nou asosye avèk Douglaston Development pou bay pwojè sa a lavi pou vwazen nou yo ki pi vilnerab yo."

Prezidan Devlopman Monadnock, Kirk Goodrich, te deklare, "Mwen te grandi ap konprann ke grandè yon vil mezire pa si moun òdinè k ap travay yo ka bati yon lavi la. Utica Crescent gen pou wè ak onore prensip sa a. Li gen pou wè ak kreye kay kote granmoun aje yo ka vyeyi avèk diyite, fanmi yo ka elve timoun nan estabilite, epi vwazen yo ka bati kominote. Seremoni koupe riban sa a pa make fen yon pwojè – se kòmansman plizyè santèn nouvo istwa espwa ak opòtinite nan East Flatbush"

R. Chris Bramwell Jr, asosye direktè nan CB Emmanuel, te deklare, "CBE fyè dèske li te asosye avèk Monadnock Development sou pwojè Utica Crescent la epi nou remèsye yo pi pwofondman pou vizyon ak lidèchip yo nan reyalize devlopman sa a. Nou rekonesan egalman anvè Gouvènè Hochul ak HCR NYS pou finansman ak sipò ki te rann etap enpòtan sa a posib epi pou yo te defann patisipasyon MWBE yo atravè inisyativ Vital BK la. Nou remèsye tou fonksyonè eli lokal nou yo ak Konsèy Kominotè a paske yo te asire ke vwa rezidan East Flatbush yo te rete nan sant pwosesis sa a. Devlopman sa a se yon refleksyon sou sa ki posib lè gouvènman an, kominote a ak sektè prive a mete tèt ansanm ak yon objektif komen — epi nou kwè Utica Crescent pral yon envestisman katalizè pou East Flatbush ak kominote Brooklyn pou jenerasyon k ap vini yo."

Direktè Jeneral Equity Developers LLC, JL James, te deklare, "Antanke yon antite ki baze nan kominote a, Equity Developers, LLC kontan dèske li te fè yon diferans lè li ko-devlope Utica Crescent. Non sèlman li bay lojman abòdab, men Utica Crescent ofri tou yon lavi kalite siperyè ak ekipman yo jwenn pi souvan sèlman nan devlopman ki nan pri mache a. Nou remèsye tout moun ki te jwe yon wòl vital, tankou ajans Eta Nouyòk yo ak JPMorgan Chase. Yon remèsiman espesyal pou Kirk Goodrich, prezidan Monadnock Development, ki te dirije ekip devlopman an."

Direktris Egzekitif Jeneral One Brooklyn Health, Sandra Scott, te deklare, "Utica Crescent reprezante kalite envestisman Brooklyn Santral merite a, yon envestisman ki ranfòse kominote a epi ki ogmante opòtinite. Nou fyè dèske nou fè pati devlopman sa a epi nou anvi akeyi pasyan yo nan espas OBH la a lavni, pou pote swen aksesib ak kalite siperyè pi pre vwazen nou sèvi yo."

Alexandra DiStefano, yon Responsab nan J.P. Morgan Community Development Banking, te deklare, "Nou fyè dèske nou bay finansman pou konstriksyon Utica Crescent, yon devlopman ki reyimajine tè lopital anplis la kòm lojman abòdab ak resous kominotè enpòtan nan East Flatbush. Nan J.P. Morgan, travay envestisman nou an nan lojman abòdab chita sou lide ke kominote solid kreye opòtinite. Avèk lojman abòdab ak sipò pou rezidan yo, tankou granmoun aje yo, Utica Crescent ranfòse twal Brooklyn epi ede fanmi yo bati estabilite epi pwospere pou plizyè ane k ap vini yo."

Kimmel Cameron, Direktè Jeneral, Hudson Housing Capital, te deklare, "Hudson Housing Capital fyè dèske li te sendike plis pase 107 milyon dola Kredi Enpo Lojman Federal pou Moun ki Gen Revni Fèb ak Kredi Taks Eta a ki te ede rann Utica Crescent posib, transfòme yon pakin sifas an yon byen kominotè vital ki bay 322 kay abòdab pou fanmi yo ak granmoun aje ki te sanzabri anvan, 1,858 mèt kare (20,000 pye kare) espas pou vann pwodui fre, ak 1,393 mèt kare (15,000 pye kare) espas enstalasyon kominotè k ap sèvi kominote Brooklyn nan. Devlope grasa yon patenarya ant Monadnock Development, CB Emmanuel Realty, Equity Developers LLC, ak Catholic Charities Progress of Peoples Development Corporation, Utica Crescent ankouraje estabilite lojman dirab, elaji aksè ak manje ki bon pou sante, epi ranfòse katye ki ozalantou a."

Anba lidèchip Gouvènè Hochul, Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta Nouyòk la te kreye oswa prezève plis pase 11,000 kay abòdab nan Brooklyn. Utica Crescent ak Sparrow Square fè pati Plan Lojman senk ane Gouvènè Hochul la ki vo 25 milya dola, ki sou wout pou konstwi 100,000 kay abòdab nan tout eta a.

Apwopo Inisyativ Brooklyn Vital la
Inisyativ Vital Brooklyn Nouyòk la, ki vo 1.4 milya dola, se yon modèl pou devlopman kominotè ak byennèt k ap kraze baryè ki anpeche sante ak byennèt nan Brooklyn Santral, yon zòn ki gen youn nan pi gwo inegalite nan tout Eta Nouyòk. Inisyativ la pral finalman kreye 4,000 kay abòdab ki enkòpore sèvis sosyal, medikal ak kominotè, ansanm ak opòtinite lwazi ak edikasyon.

Agenda Lojman Gouvènè Hochul la
Gouvènè Hochul angaje l pou l abòde kriz lojman Nouyòk la epi fè eta a vin pi abòdab ak vivab pou tout Nouyòkè yo. Depi Ane Fiskal 2023 a, Gouvènè a te travay pou ogmante kantite lojman pou rann lojman pi abòdab, lè li lanse yon Plan Lojman konplè senk ane ki vo 25 milya dola, adopte lejislasyon lojman ki pi enpòtan nan kèk deseni epi mete an aplikasyon nouvo pwoteksyon pou lokatè ak pwopriyetè kay. Anba lidèchip Gouvènè Hochul, HCR te kreye nouvo pwogram ki te lanse devlopman kay abòdab ak kay pou moun ki gen revni miks — pou alafwa lokatè ak pou moun k ap achte kay yo. Sa yo enkli Pwogram Kominote an Favè Lojman (Pro-Housing Community Program) an, ki pèmèt lokalite sètifye yo jwenn aksè eksklizif ak jiska 750 milyon dola nan finansman diskresyonè Eta a. Plis pase 420 kominote atravè eta a deja sètifye kòm an Favè Lojman, enkli Vil Nouyòk.

Ajennda "Kite yo Konstwi" (Let Them Build) Gouvènè Hochul la pral akselere devlopman lojman ak enfrastrikti tout pandan y ap diminye depans yo atravè yon seri refòm istorik. Chanjman ki gen bon sans nan Lwa sou Revizyon Kalite Anviwònmantal (State Environmental Quality Review Act, SEQRA) Eta Nouyòk la nan Bidjè Ane Fiskal 2027 la, ansanm ak aksyon egzekitif yo, pral akselere kategori pwojè enpòtan ke yo te toujou jwenn ki pa gen enpak siyifikatif sou anviwònman an, men ki pandan twò lontan yo te bloke akoz biwokrasi epi yo te sijè a gwo reta.

Bidjè Egzekitif Ane Fiskal 2027 la, konplete Plan Lojman senk ane aktyèl Gouvènè a pou kreye oswa konsève 100,000 kay abòdab atravè tout Eta a, enkli 10,000 kay ki gen sèvis sipò pou popilasyon vilnerab, ansanm ak elektrifikasyon yon lòt 50,000 kay. Yo te kreye oswa konsève plis pase 81,000 lojman abòdab jiska dat. Bidjè a envesti tou 250 milyon dola nan finansman kapital pou akselere konstriksyon plizyè milye nouvo kay abòdab. Bidjè Egzekitif Ane Fiskal 2027 la yo adopte a ranfòse tou pwoteksyon enpòtan pou lokatè ak pwopriyetè kay yo.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

ANILE ENSKRIPSYON OU